



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 6 mas 2012

GOUVÈNÈ CUOMO OGMANTE PWOGGRAM EFIGAS “FRESHCONNECT” NAN AVANTAJ KILTIVATÈ AK KOMINOTE KI TOUPATOU NAN ETA A
Sibvansyon Konpetitif Pral Finanse Pwogram k ap Ogmante Fason pou Jwenn Manje Fre yo grandi nan New York nan Katye ki pa Jwenn Ase Sèvis yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonsé ogmantasyon pwogram FreshConnect, ki pote manje fre bitasyon agrikòl New York yo nan kominote ki pa resevwa ase sèvis nan New York yo. Pwogram ki ogmante a pral bay sibvansyon konpetitif pou sipòtè pwojè toupatou nan eta a pou fè pwodui agrikòl New York yo pi fasil pou jwenn pou sitwayen ki pa touche ase lajan ak pou zòn ki nan nesesite yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Sa a se yon gayan-gayan pou konsomatè ak kiltivatè yo k ap kreye anpil djòb, epi k ap ofri manje ki pi bon ak pi fre pou Nouyòkè ki bezwen li. Nou dwe asire tout sitwayen nou yo jwenn manje ki fre, ki bon pou sante, epi ki pa chè, epitou pa gen anyen pi bon ki satisfè kritè a pase danre yo grandi isit la nan bitasyon agrikòl nou yo nan New York.

Pwogram FreshConnect nou an pwouve li se yon ekselan fason pou elimine diferans ant kiltivatè yo ak konsomatè ki pa jwenn ase sèvis yo pandan l ap kreye anpil djòb nan zòn nan. N ap ogmante pwogram sa a ane sa a lè nou sipòtè pwogram tounèf k ap ede nou kontinye satisfè bezwen tout Nouyòkè yo.”

Nan ane 2011, Gouvènè Cuomo te lanse pwogram FreshConnect pou kreye nouvo mache kiltivatè yo, epi pou sipòtè mache ki la déjà ki ofri pwodui fre pou zòn ki nan gwo nesesite toupatou nan eta a. Nan pwogram nan, yo te kreye onz (11) nouvo mache, epi kat (4) mache ki la déjà te resevwa sipò. Antou, yo te bay yon zòn mache dirab pou plis pase 100 kiltivatè, yo te ede kreye anpil djòb nan zòn nan pou jèn moun ki nan zòn lavil yo, epitou yo te facilite yon ogmantasyon nan lavant manje yo grandi nan zòn nan.

Apre siksè pwogram dènye ane a, pwogram nan ap ogmante kounye a pou ajoute non sèlman mache kiltivatè yo, men tout lòt pwojè k ap konekte kominote ki pa jwenn ase sèvis yo avèk pwodui agrikòl New York yo. Men kèk nan pwojè ki ka genyen yo:

- pwogram pou ogmante fason pou jwenn pwodui agrikòl ak kantin
- pwogram livrezon k ap voye danre agrikòl nan zòn ki nan bezwen
- pwogram pou moun ki pa touche ase lajan pou jwenn manje ki sòti dirèkteman nan yon bitasyon agrikòl, tankou nan Community Supported Agriculture (CSA)
- nouvo mache kiltivatè yo ki nan katye kote moun yo pa touche ase lajan
- mache satelit ki achte pwodui yo nan yon mache ki la déjà pou revann yo nan yon zòn ki pa kapab sipòtè pwòp mache li

Y ap bay sibvansyon pou sipòte òrganizasyon k ap egzekite yon pwojè FreshConnect nan yon pwosesis konpetitif. Otorite mache rejjonal, sosyete avantaj piblik, òganizasyon ki pa komèsyal, ak enstitisyon gouvènman lokal yo kalifye pou aplike, tankou mache kiltivatè yo ki te patisipe nan pwogram FreshConnect ane pase. Yon Demann pou Pwopozisyon disponib nan sitwèb Depatman Agrikilti: www.agriculture.ny.gov/RFPS.html. Ou dwe soumèt aplikasyon ou anvan 2 avril 2012.

Pwogram FreshConnect ane sa a ap kontinye pwogram “FreshConnect Checks” tou, yon prim rabè ki ankouraje moun k ap resevwa avantaj Koupon pou Achte Manje (Food Stamp) itilize avantaj yo nan mache kiltivatè yo. FreshConnect Checks ap bay yon rabè \$2 pou chak \$5 nan koupon pou achte manje ki depanse nan mache patisipan yo. Anplis Koupon pou Achte Manje a, pwojè FreshConnect finanse yo jwenn ankourajiman pou aksepte lòt prim nitrison, tankou koupon Women, Infants, and Children (WIC) Fruit & Vegetable Checks, Farmers' Market Nutrition Program, ak koupon Senior Farmers' Market Nutrition, pou asire tout sitwayen yo jwenn fwi ak legim fre, kèlkeswa revni yo. Nan ane 2011, te gen yon lavant pou plis pase \$2 milyon dola avèk Koupon pou Achte Manje nan mache kiltivatè yo toupatou nan eta a.

Pwogram FreshConnect se yon pwogram ki la pou satisfè bezwen kominote lokal yo toupatou nan eta a. Nan kèk kote, pwogram nan sèvi popilasyon andeyò oswa popilasyon lavil kote pa genyen ase boutik; nan lòt yo, li bay pwodui yo grandi nan New York ak anpil djòb lokal pou katye kote gen moun ki pa touche ase lajan ak anpil moun ki p ap travay. Vedèt pwogram nan, 125th Street FreshConnect Farmers' Market, nan Adam Clayton Powell Jr. Nan ane 2011, New York State Office Building ki nan Harlem te atire apeprè 2.000 moun chak semèn li te fonksyone. Y ap chèche yon manadjè mache a pou opere mache sa a pou sezon 2012 la nan sitwèb Depatman Agrikilti: www.agriculture.ny.gov/RFPS.html.

Manm Komisyon Agrikilti Eta New York, Darrel J. Aubertine, di konsa, “New York se yon pwodiktè prensipal divès kalite fwi ak legim fre, tankou pòm, seriz, chou, mayi dous, pwa vèt, zonyon, ak plis lòt. Mwen bat bravo pou vizyon ak kalite dirijan Gouvènè a nan ede Nouyòkè yo vin gen plis fason pou jwenn pwodui fre agrikòl nou yo nan pwogram FreshConnect.”

Manm Komisyon Sante Eta New York, Nirav R. Shah, di konsa, “Avantaj sante ki asosye avèk plis aksè pou jwenn manje fre endike aklè. Nan kalite dirijan Gouvènè a, nou ogmante pwogram FreshConnect pou nou kapab kontinye bay Nouyòkè ki pa jwenn ase sèvis yo manje ki pa chè epi ki bon pou sante, sipòte kwasans endistri agrikòl eta nou an, epitou ede kreye anpil djòb nan kominote ki toupatou nan New York.”

Prezidan, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon Empire State Development, Kenneth Adams, di konsa, “Amelyorasyon anviwònman biznis eta nou a vle di tou amelyorasyon kalite lavi ak sitiyyasyon tout Nouyòkè yo. Anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo, ESD fyè pou travay avèk patnè nou yo nan gouvènman eta a ak sektè prive a pou ede sipòte kiltivatè lokal nou yo, epitou pou asire manje fre ki bon pou sante disponib toupatou nan eta a.”

Senatè Patty Ritchie, Prezidan Komite Agrikilti Sena a, di konsa, “Pwogram FreshConnect Gouvènè Cuomo a se te yon gwo siksè ane pase. Li te sipòte kiltivatè New York yo pandan l ap fè yon sèvis enpòtan pou zòn nan eta nou an ki jwenn ase sèvis. Mwen kontan ane sa a, pwogram ap vin menm pi gwo ak pi bon. Nan pwogram FreshConnect, nou kapab kontinye sipòte devlopman ekonomik nan bitasyon agrikòl lokal yo pandan n ap ede bay tout Nouyòkè yo fason pou yo jwenn bon jan danre yo grandi nan eta nou an.”

Manm Asanble William Magee, Prezidan Komite Agrikilti Asanble a, di konsa, “Ane pase, pwogram FreshConnect Gouvènè Cuomo te ede ofri novo possiblite pou kiltivatè eta nou an, pou pèmèt yo devlope biznis yo ak ogmante possiblite pwodui kalite siperyè yo. Ane sa a, pwosesis FreshConnect pou bay sibvansyon konpetitif pral sipòt menm plis pwogram tounèf pou ofri pi gwo possiblite pou kiltivatè New York yo. Mwen fyè pou sipòt pwogram sa a, ki se yon viktwa pou kiltivatè yo ak viktwa pou kominate ki nan nesesite yo.”

Prezidan New York Farm Bureau, Dean Norton, di konsa, “Pwogram FreshConnect Gouvènè Cuomo reprezante yon envestisman nan endistri agrikòl New York. Koneksyon konsomatè yo avèk kiltivatè New York yo kreye yon pi bon anviwònman biznis alafwa nan nivo lokal ak nan nivo eta a, epitou sa ede ogmante fason pou kominate ki nan nesesite yo jwenn ekselan pwodui New York yo. Mwen kontan anpil poutèt kiltivatè nou yo ap kontinye pwospere gras ak ogmantasyon pwogram tounèf sa a.”

Direktè Egzekitif Farmers Market Federation of New York, Diane Eggert, di konsa, “Mache kiltivatè yo ap kontinye reprezante youn nan pi bon fason pou konsomatè yo jwenn fwi ak legim ki bon pou sante epi ki grandi nan zòn nan. Mache nou yo te resevwa yon gwo sipòt ane pase avèk pwogram FreshConnect Gouvènè Cuomo. Nan pwogram sa a, mache yo te kapab grandi toupatou nan eta nou an, pou bay kiltivatè yo mwayen pou konekte avèk plis Nouyòkè yo, kèleswa kote y ap viv, oswa kèleswa revni yo. Pwogram EBT san fil nou an nan mache yo te très efikas tou nan ede plis moun jwenn pwodui ki fre. Gouvènè a gen yon vrè angajman pou sipòt kiltivatè New York yo, epitou nou kontan li ofri pwogram efikas sa a ankò.”

Kathryn J. Boor, PhD, Ronald P. Lynch Dean for the College of Agriculture and Life Sciences at Cornell University, di konsa, “Kiltivatè New York ak konsomatè yo jwenn avantaj menm jan nan pwogram FreshConnect Gouvènè Cuomo a. Kounye a, pwogram ki ogmante a pral ede menm plis Nouyòkè, paske l ap ofri novo metòd pou ofri pwodui ki fre ak fòtifyan pou kominate ki nan nesesite yo.”

FreshConnect administre nan yon patenarya ant Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York, Empire State Development, ak Biwo pou Èd Pwovizwa ak Enfimite.

Prèske 1.5 milyon Nouyòkè k ap viv nan zòn ki gen aksè limite nan sipè-makèt. Ogmantasyon fason pou jwenn manje fre nan kominate ki pa jwenn ase sèvis yo te pwouve gen amelyorasyon nan nitrisyon, epitou sa diminye depans ki asosye avèk obezite ak maladi ki asosye avèk rejim alimantè, pandan l ap sipòt kominate a ak developman ekonomik.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418